

Chè fanmi,

Apati jodi a, fanmi tout elèv klas 8yèm ane ak elèv klas 9yèm ane pou premye fwa kapab konekte nan kont MySchools yo epi enskri pou egzamen admisyon lekòl segondè espesyalize yo (SHSAT). Tout elèv ki elijib pou aplike nan lekòl segondè elijib tou pou patisipe nan admisyon nan lekòl segondè espesyalize yo.

Men kòman pou kòmanse:

### **ANTRE NAN MYSCHOOLS**

- **Resevwa lèt byenveni w lan.** Lèt byenveni yo nan lapòs pou fanmi elèv 8yèm ane lekòl piblik DOE ak elèv charter school kounye a. Tout elèv klas 8yèm ane (ak elèv klas 9yèm ane pou premye fwa, si yo enterese) kapab tou resevwa lèt byenveni yo nan lekòl yo ye kounye a. Lèt sa a gen ladan yon apèsi sou admisyon nan lekòl segondè, ladan kòman pou sèvi avèk anyè lekòl ak sistèm aplikasyon DOE asou entènèt, [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov).
- **Si w potko konn sèvi avèk MySchools,** donk lèt byenveni pitit ou a pral ede w [kreye kont MySchools ou](#) epi ajoute pitit ou a lè w itilize kòd kreyasyon kont inik li a.
- **Ou te gen kont MySchools deja pou yon ane avan? Log in (konekte) kounye a!** Ou [re-kreye modpas MySchools ou](#) si sa nesese. Si w pa wè non pitit ou a sou paj Dashboard ou a, pa gen pwoblèm—jis pran lèt byenveni pitit ou a epi suiv eksplikasyon yo.

### **DEPI W KONEKTE NAN KONT OU AN, OU KAPAB:**

- **Enskri pou egzamen SHSAT a avan 15 novanm.** Peryòd enskripsyon an ouvri kounye a pou Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize yo (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT), egzamen k ap detèmine admisyon pou uit [Lekòl segondè espesyalize](#) yo.
  - Si w enterese aplike nan nenpòt/tout nan lekòl sa yo, voye enskripsyon w lan ale—ladan preferans ou—avan delè 15 novanm lan. Pou enskripsyon pou SHSAT a, se pa moun ki enskri avan y ap pran avan; tout elèv ki enskri nan dat limit la ka pran SHSAT a.
  - Ou ka enskri sou entènèt avèk kont MySchools ou oswa atravè konseye lekòl ou ye kounye a.
  - Tès pratik, dat tès, ak lokal ki disponib nan [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS). Nan kòmansman mwa desanm, elèv ki enskri yo ap resevwa yon tikè tès pèsonalize ki konfime lè ak ki kote yo pral pran egzamen an nan mwa desanm.
- **Eksplòre opsyon ou genyen pou lekòl segondè nan MySchools.** Lè ou konekte sou kont ou, ou ka klike sou zetwal ki bò kote pwogram ou pi renmen yo pou rezève yo.

**TANPRI SONJE:** Aplikasyon lekòl segondè a poko ouvri, epi peryòd enskripsyon pou odisyon pou lekòl segondè LaGuardia a POKO ouvri nonpli. Lè plis enfòmasyon disponib, n ap voye yon imèl ba ou avèk dènye enfòmasyon yo.

## OU BEZWEN SIPÒ?

- Pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a ye kounye a. Se pral premye pwèn kontak ou nan pwosesis admisyon an epi yo ka ede w jwenn lèt byenveni w lan. Si pitit ou a ale nan yon lekòl prive oswa pawasyal oswa li lekòl nan lakay li, ou ta ka tou [kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#).
- Aprann plis epi gade videyo admisyon nou yo — ladan videyo sou kòman pou jwenn aksè ak itilize MySchools—nan [schools.nyc.gov/High](https://schools.nyc.gov/High) ak [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS).

Nou swete oumenm ak pitit ou a yon sezon admisyon ki reyisi.

Mèsi,

Ekip admisyon nan lekòl segondè, Biwo enskripsyon elèv

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk